



Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINE NAN KONSÈY KONSILATIF KOMINOTÈ  
SUNY DOWNSTATE LA**

***Konsèy Konsiltatif la responsab pou devlope yon plan alontèm ki responsab sou  
plan fiskal pou yon SUNY Downstate ki pi solid***

***Konsèy la ka konsidere jiska 250 pousan angajman kapital Eta Nouyòk la ak  
garanti dola federal pou investisman***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a uit nomine ki pral syeje nan konsèy konsiltatif kominotè a k ap responsab pou fè rekòmandasyon pou devlope yon plan ki rezonab, evolutif, epi ki responsab sou plan fiskal pou sante finansye, vyabilite, ak dirabilite Lopital SUNY Downstate la ak SUNY Downstate Health Sciences University. Konsèy konsiltatif la ka konsidere jiska 250 pousan angajman kapital Eta Nouyòk la ak garanti dola federal pou investisman.

"Pandan plizyè mwa, Administrasyon mwen an te angaje nan konvèsasyon ak kominote Brooklyn la pou asire yo te chwazi bon moun yo pou ede asire establite fiskal SUNY Downstate la alontèm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen gen konfyans konsèy konsiltatif SUNY Downstate la pral mennen yon pwosesis angajman kominotè solid epi li pral devlope rekòmandasyon konplè pou ede asire bon jan kalite swen sante nan yon etablisman modènize pou kominote Brooklyn Santral la."

Gouvènè Hochul te nonmen Prezidan Komisè Bidjè Sitwayen yo, Andy Rein, Pastè Louis Hilton Straker Jr. ak Doktè Lesly Kernisant, Brooklyn Plaza Medical Center (retrete) nan konsèy konsiltatif kominotè a.

Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins nonmen Prezidan SUNY Downstate nan Depatman Sante Familyal ak Kominotè (Department of Family and Community Health) Doktè Enitza George, M.D., MBA, MSAI. Pòtpawòl Asanble a Carl Heastie te nonmen Doktè Donald Moore, Ansyen Doktè Asistan nan New York Presbyterian Brooklyn Methodist Hospital.

Prezidan United University of Professions lan Fred Kowal pral sèvi kòm reprezantan nan non sendika travayè yo.

Komisè Sante Eta Nouyòk, James V. McDonald, MD, MPH, ak Rektè Inivèsite Eta Nouyòk (State University of New York, SUNY), John B. King Jr, pral rejwenn avèk yo.

SUNY Downstate Hospital ak SUNY Downstate Health Sciences University te bay Central Brooklyn sèvis swen sante ki enpòtan anpil ak fòm anpil jenerasyon pwofesyonèl sante divèsifye epi ki sousye de sivik pandan yon syèk. Sepandan, Lopital SUNY Downstate te andire tou plizyè ane enstabilite finansye – ki gen ladan yon defisi fonksyonman anyèl prèske 100 milyon dola – epi li kontinye ap lite ak yon etablisman ki an degradasyon. Pou adrese defi sa yo, Gouvènè Hochul ak lejislati eta a te anonse yon envestisman istorik 300 milyon dola nan finansman kapital ak 100 milyon dola nan finansman fonksyonman pou konble defisi a, ansanm ak yon konsèy konsiltatif kominotè pou modènizasyon ak revitalizasyon SUNY Downstate, ki dwe enkli yon plan ki rezonab, ki evolutif ak responsab sou plan fiskal pou sante finansye, vyabilite ak dirabilite SUNY Downstate la.

Konsèy la pral òganize twa odyans piblik epi soumèt rekòmandasyon alekri bay Gouvènè Hochul ak lejislati a anvan 1e avril 2025.

**Komisè Sante Eta a, James McDonald M.D., M.P.H., te deklare,** "SUNY Downstate Hospital ak SUNY Downstate Health Sciences University se de nan enstitisyon swen sante ki pi fondamantal nan Brooklyn Santral ki pral adrese bezwen sante konplèks youn nan kominote ki pi divèsifye nan eta nou an. Mwen pa ka tann pou m kolabore ak konsèy konsiltatif sa a pou asire nou poze baz pou dirabilite alontèm SUNY Downstate ki ap pwofite jiska 750 milyon dola nan envestisman kapital, sa k ap pèmèt li kontinye bay edikasyon medikal eksepsyonèl ak sèvis swen sante pou ane k ap vini yo."

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Gide pa travay konsèy konsiltatif kominotè sa a pral fè ant kounye a ak 1e avril epi bati sou gwo angajman kominotè pandan ane ki sot pase a, SUNY Downstate Health Sciences University ak SUNY Downstate Hospital pral kapab kontinye misyon respektif yo nan fòmasyon pwochen jenerasyon divès kalite pwofesyonèl sante ak syantifik ak bay bon jan kalite swen sante nan Brooklyn Santral. Mwen pa ka tann pou m travay ak lòt manm konsèy kominotè a pou devlope rekòmandasyon ki rive jiska yon envestisman kapital san parèy 750 milyon dola pou yon plan ki rezonab, evolutif, ak responsab sou plan fiskal pou sante finansye, vyabilite, ak dirabilite SUNY Downstate."

**Pastè Louis Hilton Straker Jr. te deklare,** "SUNY Downstate Hospital plis pase yon founisè swen sante; ansanm ak SUNY Downstate Health Sciences University, se yon poto espwa ak opòtinite pou kominote nou an. SUNY Downstate te enpòtan anpil pou ede fanmi yo ak kominote Brooklyn Santral nou an. Mwen angaje anpil nan travay ak konsèy sa a pou asire SUNY Downstate rete yon sous fòs ak dirabilite pou jenerasyon k ap vini yo epi mwen rekonesan pou opòtinite pou ede fasone yon envestisman istorik ki rive jiska 750 milyon dola nan avni Downstate."

**Prezidan United University Professions, Fred Kowal, te deklare,** " pwofesè ak anplwaye SUNY Downstate Hospital ak SUNY Downstate Health Sciences University

non sèlman bay sèvis medikal ki kenbe sante ak byennèt rezidan Brooklyn yo, men tou yo fòme pwochen jenerasyon pwofesyonèl swen sante ki pral elaji mendèv swen sante a. Mwen anvi travay ansanm ak kominote a ak lidè nan swen sante ak edikasyon pou devlope pi bon chemen pou pi devan pou ranfòse enstitisyon an, maksimize enpak jiska 750 milyon dola nan finansman kapital eta a, epi asire sekirite ak estabilite alontèm SUNY Downstate an akò ak manda konsèy konsiltatif la."

**Andrew Rein, Prezidan Komisyon Bidjè Sitwayen yo, te deklare,** "Pandan anpil jenerasyon, SUNY Downstate Health Sciences University te edike yon gwoup pwofesyonèl swen sante divèsifye epi li jwe yon pati enpòtan nan bay swen sante ki nesèsè yo. Mwen pa ka tann pou m fè pati konsèy konsiltatif sa a epi pou m ede idantifye yon chemen ki dirab sou plan fiskal ki asire misyon edikasyon ak sante SUNY Downstate yo reyalize epi rezidan Brooklyn yo gen aksè ak bon jan kalite swen yo merite."

**Doktè Lesly Kernisant, te deklare,** "Antanke yon pwofesyonèl swen sante pou tout lavi, mwen te wè pèsonèlman wòl SUNY Downstate Health Sciences University ak SUNY Downstate Hospital jwe nan amelyore rezilta sante nan Brooklyn Santral. Se yon privilèj pou ede gide yon plan ki pral non sèlman asire sante finansye SUNY Downstate, men tou ki pral ekipe li – ede l ak jiska 750 milyon dola nan finansman kapital – pou l kontinye angajman li pou fòme pwochen jenerasyon divès lidè swen sante yo."

**Prezidan SUNY Downstate nan Depatman Sante Familyal ak Kominotè Doktè Enitza George, M.D., MBA, MSAI., te deklare,** "Nan SUNY Downstate Health Sciences University, nou se yon poto nan swen sante ak edikasyon medikal nan Brooklyn Santral, epi enpak nou an rive pi lwen pase miray enstitisyon an. Mwen angaje anpil pou m asire nou kontinye bay bon jan kalite swen ki gen konpasyon ki satisfè bezwen kominote nou an atravè yon envestisman istorik jiska 750 milyon dola nan yon avni dirab pou SUNY Downstate."

**Doktè Donald Moore, te deklare,** "Antanke yon doktè ki te travay avèk SUNY Downstate Hospital ak SUNY Downstate Health Sciences University pandan plizyè deseni, mwen konnen SUNY Downstate te jwe yon wòl enstrimantal nan devlope mendèv esansyèl swen sante nou an atravè Brooklyn ak odela. Estabilite finansye SUNY Downstate enpòtan anpil pou byennèt kominote nou an, epi mwen onore pou m kontribiye nan konsèy konsiltatif sa a epi ede asire ke, atravè jiska 750 milyon dola nan finansman kapital, SUNY Downstate kapab kontinye misyon li pou bay bon jan kalite swen ak edikasyon."

**Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie.** "Kominote nou an espere epi merite yon vrè pwosesis angajman sou avni SUNY Downstate ak yon plan reyèl pou amelyore aksè ak bon jan kalite swen sante, epi mwen rekonesan Gouvènè a ap lanse konsèy konsiltatif sa a. Mwen kontan espesyalman pou nominasyon Doktè Enitza George, ki byen abitye ak bezwen swen sante kominote nou an ak wòl Downstate nan sipòte yo. Nou pa ka tann pou konsèy la kòmanse travay li epi nou espere revize rekòmandasyon li yo."

**Manm Asanble Brian Cunningham te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m kontribiye nan sekirite finansye Downstate Medical Center epi pou m travay ansanm ak manm estime nan komisyon an pou asire avni sant lan, avèk resous, anplwaye, ak teknoloji ki nesèsè pou sipòte rezidan nou yo. Lopital la sèvi plizyè santèn milye moun chak ane, anpil ladan yo ap viv nan distri mwen an, ki gen ladan fanmi ki gen revni fèb ak moun ki soti nan kominote ki istorikman majinalize yo. Li se yon liy vital pou bati katye ki pi an sante nan elaji aksè ak swen ki priyorize ak elve sèvis prevansyon yo."

**Prezidan Konsèy Kominotè #9 Brooklyn lan, Fred Baptiste, te deklare** "SUNY Downstate Hospital ak SUNY Downstate Health Sciences University se yon pati entegral nan tisi Brooklyn Santral la, k ap sèvi alafwa kòm yon founisè swen sante ak yon enstitisyon edikatif ki leve katye nou an. Nou pa ka tann pou gen konvèsasyon byen reflechi pou asire ke SUNY Downstate rete dirab sou plan finansye epi li kontinye sèvi kòm yon resous enpòtan pou sante ak byennèt kominote nou an."

**Prezidan Konsèy Kominotè #14 Brooklyn lan, Karl-Henry Cesar, te deklare,** "Yon Lopital SUNY Downstate Brooklyn ki revitalize epi ki sipòte totalman t ap yon siy nesèsè pou respekte ak valorize lavi moun ki nan Brooklyn Santral yo. Kidonk, mwen espere ke konsèy konsiltatif kominotè a gen tout pouvwa ak sipò pou l pran tout tan ki nesèsè pou l diskite ak kominote a epi egzekite fidèlman misyon li pou sipòte avni sa a."

**Prezidan Konsèy Kominotè #17 Brooklyn lan, Rodrick Daley, te deklare,** "Konsèy Kominotè 17 la akeyi CAB la. N ap travay ansanm avèk dilijans pou asire moun ki nan Brooklyn santral yo jwenn pi bon rezilta posib ak yon Downstate ki ouvè. Te gen twòp chanjman ak lòt lopital ki bò kote nou yo. CAB sa a pral travay pou rebati pi byen."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)